

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sisindiran mangrupa salah sahiji wangun karya sastra buhun anu masih kénéh hirup di masarakat Sunda, anu sumebarna sacara lisan. Ieu sumebarna téh ngaliwatan kolot ka anakna, boh ti guru ka muridna atawa ti hiji jalma ka hiji jalma deui. Sisindiran nu aya di Désa Parumasan, Kacamatan Sodonghilir, Kabupatén Tasikmalaya, masih kénéh sok diparake ku masarakatna. Hal éta, nuduhkeun yén sisindiran di Désa parumasan téh masih kénéh aya tur bisa kabuktian ku diayakeunana panalungtikan ngeunaan sisindiran di éta désa. Ieu sisindiran téh mangrupa satra buhun anu bisa dijadikeun jadi bahan pangajaran sastra Sunda di SMP.

1. Lobana sisindiran anu kakumpulkeun jumlahna aya 210 sisindiran. Sanggeus dipasing-pasing dumasar kana wangun jeung eusina, sisindiran nu aya di Désa parumasan téh aya anu kana wangun wawangsalan, paparikan jeung rarakitan. Jumlah sisindiran nu kaasup kana wangun wawangsalan aya 37. Sisindiran nun kaasup kana wangun paparikan jumlahna aya 114, nya éta nu sipatna silih asih aya 29, piwuruk aya 39, jeung sésébréd aya 46. Jumlah sisindiran anu kaasup kana rarakitan aya 59, nya éta nu sipatna silih asih aya 27, piwuruk aya 22 jeung sésébréd aya 10.
2. Tina 210 sisindiran anu kainvéntarisir, aya 93 sisindiran anu dianalisis. Hartina 45 % tina sisindiran anu kainvéntarisir. Tina hasil analisis sakabéh data sisindiran, antukna kapanggih yén sisindiran anu dina wangun

wawangsalan mah teu bisa dianalisis ajén atikanana, tapi paparikan jeung rarakitan mah bisa, tapi henteu sakabéh paparikan jeung rarakitan bisa aya ajén atikanana, utamana dina paparikan jeung rarakitan anu sipatna silih asih jeung sésébréb lantaran lolobana perkara silih asih jeung heureuy.

3. Dina sisindiran anu dianalisis, kabéh sisindiran bisa dipaké alternatif pikeun bahan pangajaran sastra Sunda.
4. RPP pikeun bahan pangajaran sisindiran bisa ningali kana conto RPP nu aya dina BAB IV kaca 125-135.

5.2 Saran

Aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil pangajaran basa Sunda dina widang sastra, hususna sisindiran.

Sisindiran nu aya di Désa Parumasan mangrupa salah sahiji wangun sastra lisan warisan budaya karuhun urang baheula. Ku kituna, sangkan ieu sisindiran nu mangrupa warisan budaya karuhun urang teu tumpur, urang salaku urang Sunda kudu bisa ngamumulé tur miarana ulah nepi ka ieu sisindiran téh tumpur. Saran anu hayang ditepikeun ku panyusun nya éta tétéla ieu di handap.

1. Sisindiran nu kainvéntarisir jeung nu geus dianalisis bisa dijadikeun bahan pangajaran dina widang sastra Sunda. Sok sanajan baheula mah sumberna sacara lisan, ku ayana parobahan jeung kamajuan jaman, ieu sisindiran nu aya téh bisa jadi karya sastra tulis.
2. Keur pihak pamaréntah, utamana Dinas Pendidikan Jawa Barat katut Gubernur Jawa Barat kudu mikaweruh kana informasi-informasi ngeunaan karya sastra anu masih kénéh aya dimasarakat, ulah nepi ka tumpur. Sabab

éta téh mangrupa warisan budaya titinggal karuhun urang baheula, anu kudu dimumulé tur dipiara ku urang salaku urang Sunda sangkan henteu tumpur.

3. Keur pihak akademis, ieu sisindiran bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra Sunda sangkan pangajaran sisindiran téh henteu bosen éta deui-éta deui.
4. Ieu sisindiran nu aya di Désa Parumasan mangrupa salah sahiji karya sastra lisan anu mangrupa warisan budaya karuhun urang baheula. Ku kituna, sangkan ieu sisindiran henteu tumpur, mangka ku urang kudu dijaga, diraksa tur dimumulé.

